



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONTOUR FALLS AK WAVERLY KÒM GAYAN SOUTHERN TIER POU PREMÈ FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA**

***Vilaj Montour Falls ak Waverly pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak***

***Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Montours ak Waverly pral resevwa yo chak 4.5 milyon dola nan finansman kòm gayan rejyon Southern Tier yo nan kad premye faz NY Forward la. Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Nan kad Premye Faz NY Forward la, yo pral akòde de a twa prim bay kominote ki pi piti yo nan chak nan dis rejyon devlopman ekonomik eta a pou sipòte devlopman ak aplikasyon yon plan revitalizasyon pou anba lavil yo.

"Montour Falls ak Waverly reprezante kèk nan pi bon sa Eta New York gen pou l ofri: bote natirèl, yon kominote biznis ki dinamik, agrikilti k ap pwospere ak sit istorik ki rich kiltirèlman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a NY Forward, kominote sa yo pral kapab pwofite resous sa yo ak finansman eta a pou revitalize anba lavil yo, akeyi ankò plis travayè ak biznis, epi transfòme lari prensipal (Main Street) yo pou yo tounen destinasyon rejyonal. Administrasyon mwen an rete angaje pou l investi nan ekonomi lokal yo tankou sa yo pou bay rezidan yo travay, zouti ak enfrastrukt ki nesesè pou yo pwospere".

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a, k ap travay ansanm avèk DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon anba lavil New York yo. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo avèk yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè DRI. Kominote NY Forward yo se kominote pyeton, ki se zòn ki mwen dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki gen plis nati lokal - ki konsantre sou anviwònman rezidansyèl dirèk oswa devlopman agrikilti santral la.

Menm jan ak DRI, chak kominote NY Forward pral devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a atravè yon seri pwojè ki fasil pou egzekite. Depatman Deta a pral bay plis asistans teknik pou pi byen sipòte kominote ki pi piti yo ki ka gen mwens kapasite nan kad pwogram NY Forward la epi finanse pwojè ki apwopriye pou gwosè chak kominote. Pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa amelyore espas piblik yo ak lòt pwojè ki ogmante kalite espesifik kiltirèl, istorik ki amelyore santiman cham ti vil yo.

### **Montour Falls**

Montour Falls montre yon konvèjans vrèman remakab nan resous natirèl, kiltirèl ak lwazi yo avèk yon angajman pou yon avni dirab. Zòn anba lavil Montour Falls konekte youn nan kaskad dlo ki pi popilè ak enpresyonan rejyon an - Shequaga Falls - a yon koridò restoran, brasri, boutik ak bilding ak sit ki istorikman enpòtan. Vilaj la chaje avèk ti pak ki sèvi kòm lokal rasanbleman ak sit pou evènman kominotè, epi li ofri opòtinite inik pou jwi bote panoramik rejyon an, tankou Catharine Valley Trail ak santye Queen Catharine Marsh. Mache kiltivatè Montour Falls la, ki sitiye santralman nan Fireman's Field, bay kèk nan manje ki pi fre ki disponib lokalman, ak plizyè etablisman diven toupre anba lavil la ki resevwa mache pwodwi piblik chak semèn, ki ofri manje espesyal pou rezidan yo. Envestisman enpòtan nan enfrastruktir, dirabilite ak kwasans travay yo te fèt nan anba lavil la ak zòn ki alantou, epi Vilaj la ap tounen byen vit yon destinasyon popilè pou rezidan ak vizitè Konte Schuyler yo. Vilaj Montour Falls ap chèche pwofite kilti dirabilite ak sansibilizasyon sou anviwònman an k ap grandi li a ansanm ak cham istorik, lespri antreprenarya, atmosfè konvivyal ak adapte pou mache li a ak pwoksimite a gwo anplwayè rejyonal yo tankou Akademi Ponpye Eta New York pou kreye yon anba lavil dinamik ki maksimize karaktè "lari prensipal" (main street) li ak amelyore kalite lavi, rezistans ak opòtinite ekonomik pou devlopman kominotè pwogresif pou kenbe yon ekonomi inovatè ak pwospè pandan tout ane a. Vilaj la pral reyalize vizyon li nan ankouraje nouvo konstriksyon pou enkòpore prensip bilding vèt, prezève ak restore bilding ki istorikman enpòtan yo epi ankouraje kwasans ti biznis lokal yo epi ogmante kantite opsyon rezidansyèl ki disponib nan anba lavil la.

### **Waverly**

Sitiye nan entèseksyon Rivyè Chemung ak Susquehanna, Vilaj Waverly te anbrase yon fason pou viv ti vil Amerik ki pèmèt rezidan li yo jwi yon mòd lavi trankil, men aktif, nan yon atmosfè bote natirèl panoramik, espas kominotè ki jere, istwa rich ak achitekti diferan. Anba Lavil Waverly gen yon gwo melanj boutik endepandan, restoran divèsifye ak biznis sèvis, epi li òganize evènman kominotè pandan tout ane a, soti nan Tinsel-n-Lights li yo nan sezon ivè a rive nan seri konsè anplennè sezon ete li yo. Sosyete Istorik Waverly ak Sant Akeyolojik Rivyè Susquehanna ofri rezidan yo ak vizitè yo yon opòtinite pou aprann plis sou Vilaj la ak rejyon an, ak peyizaj natirèl li yo ofri yon pakèt opòtinite lwazi deyò, soti nan pagay (rame bato) ak lapèch rive nan monte bisiklèt ak fè randone. Zòn NY Forward Vilaj Waverly a anglobe Distri Biznis Santral Anba Lavil li a, ki se yon anba lavil istorik ki an gwo entak, ki gen ladan l prensipalman bilding ki konekte, gen plizyè etaj ak pou itilizasyon miks. Vilaj Waverly ap chèche pwofite kominote amikal li, ki angaje, lidèchip solid, yon bann biznis lokal bon kalite, sistèm

edikasyon siperyè li yo ak bèl jwayo lwazi li yo tankou Pak Waverly Glen, ak Pak Eta Two Rivers, pou reprezante dinamis ti vil Amerik la. Waverly pral reyalize vizyon li pou kreye yon anba lavil ki pi atiran avèk yon gwo santiman apatenans ki atire yon varyete nouvo biznis, ogmante baz taks lokal la, bay divès lojman ak opòtinite travay epi sipòte objektif dekarbonizasyon eta a nan transfòmation bilding abandone ak ki pa ase itilize yo, kreye plis lojman ak opòtinite swen sante epi investi nan ekipman piblik ki pi vèt.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Ti kominote riral yo se kè ak nanm Southern Tier, epi pwogram inovatè NY Forward nou an konsantre sou investi dirèkteman nan zòn vital sa yo. Antanke gayan prim NY Forward, Montour Falls ak Waverly pral fè pati renesans anba lavil k ap grandi nan eta nou an epi yo pral kreye yon plan kominote pou transfòmation anba lavil yo pou tounen premye destinasyon ki montre karakteristik inik yo. Felisitasyon pou tou de kominote yo pou prim yo".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Inisyativ NY Forward la se yon apwòch ki konsantre sou revitalize kominote ki pi piti ak riral yo atravè Eta New York. Avèk finansman sibler sa a, Vilaj Montour Falls ak Waverly pral kapab trase epi anvizaje avni briyan pou anba lavil pa yo, atravè plan ki fèt pou akselere dinamis yo ak kwasans ekonomik yo."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "4.5 milyon dola nan prim ki soti nan pwogram NY Forward 100 milyon dola Gouvènè a pral ede Montour Falls ak Waverly devlope dapre plan estratejik ki byen devlope ak vizyonè ki pral anplifye fòs ekonomik ki egziste deja yo, pandan l ap onore bote natirèl ak istwa ki ede fè tou de vilaj yo inik".

**Senatè Eta a, Tom O'Mara, te deklare,** "Se yon bon nouvèl pou kominote Montour Falls ak Waverly, ak pou tout rejyon nou an, ke investisman NY Forward sa yo pral pèmèt lidè lokal yo reyalize pwojè revitalizasyon enpòtan yo. Se yon inisyativ enpòtan ki fè ladiferans pou kalite ak fòs alavni lokalite ki pi piti ak riral nou yo. Nou pa ka tann pou nou wè planifikasyon kontinyèl, devlopman, ak aplikasyon pwojè yo ki dwe amelyore estrikti ekonomik, kiltirèl ak sosyal vilaj zòn eksepsyonèl sa yo".

**Manm Asanble Christopher S. Friend te deklare,** "Felisitasyon pou Waverly ak Montour Falls kòm gayan finansman Pwogram NY Forward pou pèmèt kèk karakteristik siplemantè ki planifye pou amelyore kominote yo ki deja atiran ak dinamik".

**Manm asanble Phil Palmesano te deklare,** "Se yon kokenn nouvèl pou Vilaj Montour Falls ak zòn ki alantou a. Vilaj la, ki sitiye nan kè Rejyon Finger Lakes, te travay di anpil pou amelyore ak modènize enfrastruktir lokal la an jeneral, ogmante opòtinite travay ekonomik yo, epi aplike avèk siksè meyè pratik jesyon ki bon pou anviwònman an. Prim NY Forward sa a pral bay finansman ki enpòtan anpil pou kontinye transfòmasyon yo epi lè l fini, rezidan yo ak touris yo pral kapab fè eksperyans epi jwi istwa kiltirèl pwofon Vilaj Montour Falls genyen pou l ofri. Mèsi ak patenarya ak kolaborasyon eta, rejyonal ak lokal ki te ede fè sa rive".

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier a, Judy McKinney Cherry, Direktè Egzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik (Schuyler County Partnership for Economic Development, SCOPED) lan ak Kevin Drumm, Prezidan Broome Community College la, te deklare,** "Montour Falls ak Waverly vrèman reprezante tout sa ki bon pou pi piti kominote yo nan Southern Tier ak tout bagay ke yo gen pou ofri. Anpil remèsiman pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen reyèl pou ede alimante revitalizasyon bèl kominote sa yo, akselere opòtinite ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo."

**Carl H. Blowers, ki se Prezidan Lejislati Konte Schuyler a, te deklare,** "Prim New York Forward 4.5 milyon dola pou Vilaj Montour Falls se yon investisman ekselan Eta a paske li pral transfòme Montour Falls epi, pa konsekan, Konte Schuyler. Nou rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske li te kreye ti nouvo pwogram DRI sa a pou ti kominote yo epi nou pa ka tann pou nou ede Vilaj la ak Eta a konplete pwojè revitalizasyon enpòtan nan Vilaj la. Mwen patikilyèman kontan pou angajman kominote a ak patisipasyon elèv yo nan pwosesis la".

**Majistra Vilaj Montour Falls James Ryan, te deklare,** "Nan non Vilaj Montour Falls, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou pwogram NY Forward li ki vize kominote tankou Montour Falls. Mwen kontan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la rekonèt reyalizasyon pase vilaj nou an epi te aksepte plan nou pou kontinye fè Montour Falls avanse. Mwen vle rekonèt pwofesyonalis ekip pwojè a montre, ki pral asire aplikasyon objektif pwojè a. Nivo finansman sa a pral ede Montour Falls avanse pou atenn objektif amelyorasyon ekonomik ak kominotè li yo".

**Prezidan Lejislati Konte Tioga a, Martha Sauerbrey, te deklare,** "Mèsi, Gouvènè Hochul! Nou eksite ak rekonesan pou prim NY Forward la pou Vilaj Waverly. Nouvo opòtinite sa a pral pèmèt nou non sèlman envesti nan Vilaj Waverly, men tou revitalize li. Li enpòtan anpil pou nou kenbe anba lavil nou yo vivan, dinamik ak akeyan. Tout sa w vle pou vil natif natal ou an ye!"

**Majistra Vilaj Waverly, Patrick Ayres, te deklare,** "Prim sibvansyon New York Forward pou Vilaj Waverly se yon bagay transfòmateur. Fon sa yo pral pèmèt tout kominote a envesti nan lavni li prefere, kolektivman, kòm yon gwoup. Pwojè potansyèl yo, ki ka pa janm reyalize, gen potansyèl pou yo devlope ak fini gras a itilizasyon lajan sibvansyon sa yo. Fon sibvansyon NY Forward yo ka ankouraje lòt pati konsène tou pou yo envesti pwòp kapital yo nan pwojè yo, sa k ap elaji enpak sibvansyon an. Sa yo se moman eksitan pou Vilaj Waverly epi nou apresye anpil dèske nou resevwa sibvansyon NY Forward la epi pwomèt n ap byen jere lajan sa yo".

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Southern Tier te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande kominote sa yo kòm zòn ki nonmen:

- Anba lavil la dwe konpak, avèk limit ki byen defini;

- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envestisman Estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Montour Falls ak Waverly pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliye ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)